**दिन—बुधवार** **दिनांक—05.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

विधानसभा मे आइ सँ वित्तीय वर्ष— दू हजार पच्चीस—छब्बीसक बजट पर चर्चा शुरू भेल। भोजनावकाशक बाद विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव कहलनि जे सदन मे आइ आ काल्हि बजट पर दू सय चालीस मिनट धरि चर्चा होयत। एहि सँ पहिने आइ भोरे सदन मे प्रश्नकाल दरमियान राजद विधायक मुकेश यादव गंगा जल के गुणवत्ता पर प्रश्न उठौलनि। ओ कहलनि जे राज्य मे कोनो ठामक गंगा के पानि नहि तऽ पीबाक योग्य अछि आ नहि स्नान करबाक योग्य अछि। वन आ पर्यावरण मंत्री सुनील कुमार स्वीकार कयलनि जे शहर सँ निकलऽवला अनुपचारित गंदा पानि के कारण ओकर सहायक नदी सभ मे बैक्टीरिया के मात्रा मानक स्तर सँ बेसी अछि। ओ सदन के जनौलनि जे नदी के प्रदूषण मुक्त करबाक लेल बत्तीस सीवरेज ट्रीटमेंट प्लांट स्थापित कयल जा रहल अछि।

---

सुप्रीम कोर्टक आदेशक आलोक मे राजदक बर्खास्त विधान पार्षद सुनील कुमार सिंह के विधान परिषद सदस्यता पुनः बहाल कऽ देल गेल अछि। विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह आइ सदन मे एकर घोषणा कयलनि। ओ कहलनि जे सर्वोच्च न्यायालय के आदेशानुसार हुनका बर्खास्त रहबाक अवधि के वेतन आ आन भत्ता सभक लाभ नहि भेटत। विदित अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक भाव—भंगिमा के नकल करबाक आरोप मे सुनील कुमार सिंह के सदस्यता समाप्त कऽ देल गेल छल। विधान परिषदक एहि निर्णय के ओ सर्वोच्च न्यायालय मे चुनौती देने छलाह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे प्रधानमंत्री आवास योजना–ग्रामीण के अंतर्गत तीन लाख लाभार्थी परिवारक मध्य प्रथम किस्त के राशि अंतरित कयलनि। श्री कुमार लाभार्थी परिवार सभक बैंक खाता मे डीबीटी के माध्यम सँ एक हजार दू सय करोड़ टाका पठौलनि। प्रथम किस्त के रूप मे प्रति परिवार चालीस हजार टाका देल गेल अछि। एहि अवसर पर श्री कुमार लाभार्थी परिवार लोकनि के बधाई देलनि अछि। संगहि ओ अधिकारी लोकनि सँ केन्द्र आ राज्य सरकारक योजना सभक सही ढंग सँ कार्यान्वयन सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि अछि। जाहि सँ लोकसभ के कोनो प्रकारक दिक्कत नहि होय।

———————————————————————

पंचायती राज मंत्रालय आइ आदर्श महिला–अनुकूल ग्राम पंचायत पहल के शुरूआत कयलक। पंचायती राज राज्य मंत्री एसपी सिंह बघेल नव दिल्ली मे आयोजित राष्ट्रीय सम्मेलन मे कहलनि जे ई पहल मंत्रालयक अंतराष्ट्रीय महिला दिवस समारोहक एक हिस्सा अछि। एकर उद्‌देश्य हरेक जिला मे कम सँ कम एक आदर्श महिला– अनुकूल ग्राम पंचायत के स्थापना करब अछि। एहि कार्यक्रम मे विभिन्न मंत्रालय, विभाग आ संयुक्त राष्ट्र जनसंख्या कोष जकां अंतर्राष्ट्रीय संगठन सभक प्रतिनिधि भाग लऽ रहल छथि।

———————————————————————

पटना स्थित ललित नारायण मिश्रा आर्थिक विकास आ सामाजिक परिवर्तन संस्थान मे आइ विकसित बिहारक नींव–बजट दू हजार पच्चीस विषय पर एक परिचर्चाक आयोजन कयल गेल। परिचर्चा के सम्बोधित करैत उप मुख्यमंत्री सह वित्तमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे केन्द्रक बजट के संगहि राज्यक बजट मे सेहो कृषि के क्षेत्र पर विशेष जोर देल गेल अछि। एम्हर, आइ पटना मे भारतीय उद्योग परिसंघ सीआईआई के बिहार चैप्टरक वार्षिक बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक के सम्बोधित करैत उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे बिहार मे आब निवेशक अनुकूल वातावरण बनल अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे नव औद्योगिक नीति आनल जा रहल अछि। जाहि सँ उद्योगक विकासक लेल बेसी सँ बेसी अनुकूल परिस्थिति बनत। समारोह के सम्बोधि करैत उद्योग मंत्री नीतीश मिश्र कहलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक बजट

भविष्यन्योमुखी अछि। ओ कहलनि जे राज्य मे उद्योग के लऽकऽ उत्साहजनक वातावरण बनल अछि।

————————————————————————

राज्य सरकार भागलपुर मे गंगा नदी पर सुल्तानगंज–अगवानी घाटक मध्य निर्माणाधीन पुलक एक भागक ध्वस्त हेबाक मामिला मे कार्रवाई करैत निर्माण एजेंसी एसपी सिंगला के भविष्यक लेल प्रतिबंधित कऽ देलक अछि। उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ पटना मे संवाददात लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे संबंधित अभियंता लोकनि पर सेहो विभागीय कार्रवाई के आदेश देल गेल अछि।

————————————————————————

राज्य सरकार प्रवासी श्रमिक लोकनिक कल्याणक लेल आइ बिहार प्रवासी कामगार ऐप के लोकार्पण कयलक। श्रम संसाधान मंत्री संतोष कुमार सिंह कहलनि जे प्रवासी मजदूर सभ के एहि ऐपक माध्यम सँ रोजगार, कौशल विकास, सरकारी योजना आ सामाजिक सुरक्षा योजना सभ सँ जुड़बा मे मददि भेटत। ओ जनौलनि जे सरकार बीस लाख प्रवासी मजदूर सभक पंजीकरणक लक्ष्य राखलक अछि।

————————————————————————

पटनाक मिलर हाई स्कूल मैदान मे आइ राजदक दिस सँ युवा चौपाल के आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम के संबोधित करैत पार्टी के वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे प्रदेशक जनता एहि बेरक विधानसभा चुनाव मे परिवर्तन करबाक मोन बना लेलक अछि। ओ युवा लोकनि सँ एहि चुनाव मे एकजुटता राखैत सत्ता परिवर्तन के अपील कयलनि।

————————————————————————

मधुबनी जिलाक ललमनिया थाना क्षेत्र अंतर्गत घोड़मोहना स्थित एक दोकान मे पुलिस आ एसएसबीक टीम छापामारी कऽ भारी मात्रा मे प्रतिबंधित मादक दवाई बरामद कयलक अछि। ओहि ठाम सँ चारि गोटे के गिरफ्तार सेहो कयल गेल अछि। एम्हर शिवहर पुलिस एक सय बियालीस लीटर शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त